



YAYASAN MANBA'UL HUDA SIDARAJA

MTs MANBA'UL HUDA

Status : Swasta SK Kanwil Depag Jabar No. KW.10.4/4/PP.00.5/3625/2007

"Terakreditasi B" No. 02.00/169b/BAP-SM/SK/VII/2014

Email : mts.manbaulhuda07@yahoo.com

Alamat : Jl. Raya Sidaraja - Ciomas - Ciawigebang - Kuningan Jawa Barat 45591 Telp (0232) 878023

Naskah Soal
Penilaian Akhir Semester (PAS) Ganjil
Tahun Pelajaran 2023/2024

Mata Pelajaran : BAHASA SUNDA
Kelas : VIII (DELAPAN)
Hari dan Tanggal :
Waktu :

Petunjuk Umum :

1. Perhatikan dan ikuti petunjuk pengisian Lembar Jawaban yang disediakan;
2. Periksa dan bacalah soal-soal sebelum Anda menjawab;
3. Laporkan kepada pengawas kalau terdapat tulisan yang kurang jelas, rusak, atau jumlah soal kurang;
4. Dahulukan mengerjakan soal-soal yang Anda anggap mudah;
5. Pilihlah salah satu jawaban yang benar dengan menghitamkan bulatan jawaban;
6. Apabila Anda ingin memperbaiki/mengganti jawaban, bersihkan jawaban semula dengan penghapus sampai bersih, kemudian hitamkan bulatan jawaban yang menurut Anda benar;
7. Periksalah seluruh jawaban Anda sebelum diserahkan kepada pengawas.

A. Pilih salah sahiji jawaban nu dianggap paling bener!

TEMPO.COM anyar-anyar ieu ngarilis Festival Sunda-Cirebonan nu dilaksanakeun ku Pamarentah Kabupaten Purwakarta, Jawa Barat, dina raraga Haru Jadina. Mangrupa gabungan tradisi dua daerah nu beda tina widang budaya. "Katingali salian ti endah, megah, tur harmonis, "ceuk Bupati Purwakarta Dedi mulyadi di sela-sela pintonan Festival dina peutingan kamari.

1. Naon poko pikiran dina eta pada/paragraph di luhur teh?
 - A. Festival Sunda-Cirebonan dina raraga hari jadi Kab. Purwakarta
 - B. Tradisi dua daerah nu beda-beda dina budaya
 - C. Festival peuting kamari
 - D. Katinaglina endah, megah tur harmonis

Pikeun soal nomor 2 jeung 3

Dedi nembrakeun yen baheula, antara wilayah nu dikawasa ku Karajaan Sunda jeung Cirebon pernah beda paham. Tapi kadiunakeun sairing waktu nu geus kaliwat, eta perbedaaan paham teh bisa direngsekeun kalawan damai ku misi misi kasenian jeung kabudayaan.

Dedi ngajelaskeun yen, anjeuna hayang terus ngamumule eta kasenian jeung kabudayaan pikeun alat ngadeukeutkeun tali silaturahmi antara masyarakat tatar Sunda jeung Cirebon ayeuna sabari ngamumule kasenian tradisional masing-masing. Dedi nyebutkeun sok sanajan kasenian Sunda jeung Cirebonan teh beda-beda, tapi substansina mah sarua ngagambarkeun eunteung nu lengket kana persatuan jeung duduluran.

2. Kumaha cara ngarengsekeun pasualan beda paham nurutkeun cutatan wacana diluhur?
 - A. Ku misi-misi politik
 - B. Ku misi-misi kasenian jeung politik
 - C. Ku misi-misi kasenian jeung kabudayaan
 - D. Ku misi-misi sosial jeung budaya

3. Kasenian Sunda jeung Cirebon teh beda-beda tapi ari substansina mah sarua ngagambarkeun
 - A. Tradisi di pilemburan
 - B. Misi kabudayaan
 - C. Persatuan jeung duduluran
 - D. Kakawasaan jeung agama
4. Nurutkeun wacana di luhur, Dedi ngarasa prihatin lantaran
 - A. Beuki lobana masyarakat nu daek ngamumule budaya
 - B. Beuki saeutik masyarakat nu daek ngaguar ajen-inajen kabudayaanana
 - C. Beuki saeutik jalma luar nu daek ngaguar ajen-inajen kabudayaanana Sunda
 - D. Beuki loba jalma nu daek jeung resep kana budaya Sunda
5. Nurutkeun wacana di luhur nu reueus jadi bagean tina eta kagiatan teh, nya eta
 - A. Masyarakat Sunda
 - B. Teguh, Seniman tarling
 - C. Dedi
 - D. Urang Purwakarta
6. Kecap reueus upama dina basa Indonesia mah sarua jeung
 - A. Suka
 - B. Tidak suka
 - C. Ingin
 - D. Bangga

Kuningan, Jawa Barat (Jabar) memang mangrupa salah sahiji wilayah nu miboga loba potensi wisata, utamana wisata alamna. Ningali kana ieu potensi sakelompok warga, kompak ngabentuk konsep Desa Wisata nu pernahna di Suku Gunung Ciremai. Pernahna eta desa teh ayana di Desa Cibuntu, Kacamatan pasawahan, Kabupaten Kuningan, Mimiti area zaman batu, curug, nepi ka pakampungan husus domba oge aya.

7. Bentuk paragraf atawa pada nya eta mangrupa
 - A. Narasi
 - B. Deskripsi
 - C. Eksposisi
 - D. Argumentasi
8. Cara medar eta paragraf teh nya eta ku cara
 - A. Induksi
 - B. Deduksi
 - C. Reduksi
 - D. Sabab Akibat
9. Ieu di handap eusina mangrupa eusi tina artikel nu judulna “Wisata Budaya di Cibuntu Kuningan”, iwal ...
 - A. Gambaran Kampong Domba
 - B. Nerangkeun hiji situs “Bujal Dayeuh”
 - C. Tempat Wisata Curug Gongseng nu kacida endahna
 - D. Festival Seni Sunda-Cirebon
10. Nu di maksud induksi nya eta
 - A. Medar hal-hal nu husus heula kakara nu umum
 - B. Medar nu sifatna umum heula kakara husus
 - C. Medar sabab heula terus akibat
 - D. Medar nu umum-umum wungkul

1. Siapkeun potongan tahu jeung awuran ku bahan nu geus direndos kasar tea.
2. Asupkeun kuah tahu, jeung rasakeun kanikmatanana. Dijamin deudeuieun.
3. Siapkan bahan nu geus dilembutkeun jeung bahan nu geus direndos kasar. Taheurkeun cai, gula beureum, uyah, bahan nu geus dilembutkeun, asem. Godogkeun nepi ka ngagolak. Sanggeus kitu leutikan seneu nepi ka asak kira-kira tilu menit. Sanggeus cai asak, terus angkat tina kompor.
4. Siapkan sakabeh bahanna.

11. Susunan nu bener keur cara-cara nyieun tahu gejrot nya eta
 - A. 1,2,4,3
 - B. 2,3,4,1
 - C. 4,3,2,1
 - D. 4,3,1,2

12. Ieu panyanyi teh asalna ti Sukabumi pernah mopulerkeun lagu teuteup jeung imut, prestasina sakudang diantarana meunang penghargaan “ Penyanyi daerah terbaik tingkat nasional. Saha nu dimaksud eta biografi teh?
- A. Darso
 - B. Rita Tila
 - C. Nani Topeng
 - D. Nining Meida

Geunjeung naskah Wangsakerta produk abad ke 17, ngahudang kapanasaran ngeunaan peranan Kasultanan Cirebon dina peta sajarah karajaan-karajaan tanah Jawa. Di Museum Negeri Jawa Barat, aya sababaraha benda sajarah Cirebon mangsa harita. Dina peta Pulo Jawa nu ditulis ku urang Eropa (abad ke 16) Cirebon teh disebutna Sarabon. Sedengkeun numutkeun buku Sejarah Cirebon nu dikarang ku kasepuhan Cirebon salaku Kepala Kesenian Wilayah III Cirebon, Caruban lalandian Cirebon teh.

13. Conto cutatan artikel di luhur teh bentukna mangrupa
- A. Biografi
 - B. Sajarah
 - C. Deskripsi
 - D. Argumentasi
14. Ngaliwatan Nani Sawitri pisan tari topeng losari, jadi mendunia. Upama ditajamahkeun kana basa Indonesia nu bener nya eta
- A. Memulai Nani Sawitri lah tari topeng losari, boleh mendunia.
 - B. Memandang Nani Sawitri lah tari topeng losari, akan mendunia.
 - C. Melewat Nani Sawitri lah tari topeng losari, harus mendunia.
 - D. Melalui Nani Sawitri lah tari topeng losari, bisa mendunia.
15. Nya eta wangun karangan anu nepikeun hiji kajadian atawa pangalaman dina runtuyan waktu kanu maca kalawan udagan sangkan mere kesan perkara parobahan atawa gerak hiji harti awal tepi ka ahir, disebut karangan
- A. Narasi
 - B. Deskripsi
 - C. Eksposisi
 - D. Argumentasi
16. Nya eta karangan nu ngagambarkeun hiji hal, netelakeun naon-naon nu diindra, tur ngagambarkeun perasaan jeung paripolah jiwa dina wangun kalimah, disebut karangan
- A. Narasi
 - B. Deskripsi
 - C. Eksposisi
 - D. Argumentasi

Basa Sunda lain ngan ukur dipake gunem catur kalawan lisan bae. Tradisi maca jeung nulis dina basa Sunda geus mangabad-abad umurna. Naskah anu pangkuna asalna ti abad ka 16. Ditulis ku aksara nu ayeuna disebut aksara Sunda Kuna. Sabada diijah ku Mataram, basa Sunda ge sok ditulis ku aksara Jawa (Hanacaraka).

17. Nilik bentukna eta karangan teh kaasup kana jenis karangan
- A. Narasi
 - B. Deskripsi
 - C. Eksposisi
 - D. Argumentasi

Sakola sehat nya eta sakola nu kaayaan wargana, lingkungan jeung sarana prasarana nyumponan sarat-sarat kasehatan. Di sakola anu sehat, kaayaan warga anu ngawengku Kepala Sakola, guru, karyawan jeung para siswana sarehat. Katiten tina absensi nu ngan ukur saeutik. Lingkungan sakola beresih tina masalah runtah.

18. Eta cutatan wacana the kaasup kana wangun karangan
- A. Narasi
 - B. Deskripsi
 - C. Eksposisi
 - D. Argumentasi

19. Nya eta paragraf anu dimimitian ku nepikeun hal-hal nu sipatna penjelasan-penjelasan saterusna dituturkeun ku kalimah ahir nya eta kalimah topik, disebut paragraf
- A. Induktif
 - B. Deduktif
 - C. Generalisasi
 - D. Analogi

Sanggeus karangan barudak kelas tilu dipariksa, ternyata Ali, Toto, Alex, jeung Burhan, menang nilai dalapan. Sedengkeun barudak sejenna meunang nilai tujuh. Ngan Maman wungkul nu meunang nilai genep teu aya hiji oge anu nilaina kurang. Ku sabab kitu, meunang disebutkeun barudak kelas tilu cukup pinter dina ngarang.

20. Cara ngembangkeun paragraf di luhur teh nya eta
- A. Generalisasi
 - B. Analogi
 - C. Hubungan Kausal
 - D. Campuran
21. Kawih tradisional mangrupa lagu nu ngagunakeun lima nada da, mi, na, ti, la, da. Sok disebut oge
- A. Diatonis
 - B. Molodi
 - C. Pentatonis
 - D. Mayor
22. Populerna hiji lagu teu leupas ti peran artisan. Di handap artis nu mopulerkeun lagu Sisi Laut Pangandaran nya eta
- A. Darso
 - B. Nining Meida
 - C. Kustiana
 - D. Doel Sumbang
23. Di handap artis wanoja nu mopulerkeun lagu Budak saha nya eta
- A. Kustiana
 - B. Deti Kurnia
 - C. Oon B
 - D. Wina
24. Di handap bedana kawih jeung tembang nya eta, iwal
- A. Tembang nu di tembangkeunana guguritan/pupuh
 - B. Tembang biasana dipirig ku kacapi jeung suling
 - C. Tembang sok dinyanyikeun na ku sinden/juru kawih
 - D. Tembang sok make alat musik piano jeung gitar
25. Di handap kaasup kawih-kawih klasik, iwal
- A. Buah Kawung
 - B. Sorban Palid
 - C. Daun Pulus
 - D. Jang

Kudu sabar dina kurang
Ulah nepak dada beunghar
Eling ka nu Maha Agung

26. Upama di basa –Indonesia-keun jadi
- A. Harus selalu patuh walau kurang
Jangan menepuk kepala bila kaya
Ingat terus pada Yang di atas
 - B. Harus sabar dalam kekurangan
Jangan sombong kalau berlebih
Ingat pada yang Maha Agung
 - C. Harus sabar dalam kelebihan
Jangan menepuk pingga kalau kaya
Ingat selalu Pada Yang Maha Pengasih

27. Pangarang ngagambarkeun sikep anu daria ka anakna sangkan ulah nganggap enteng kahirupan. Pangarang oge mepelingan sangkan ulah hariwang oge dina nyanghareupan kahirupan. Mangrupa bagean tina kawih “Jang”.
- A. Rasa
 - B. Nada
 - C. Amanat
 - D. Tema
28. Nu nulis mere gambaran rasa nalangsa oge mere sumanget ka anakna sabab ari masih keneh ngora mah kahirupan teh masih caang. Mangrupa bagean tina unsur Dina kawih “Jang”.
- A. Rasa
 - B. Nada
 - C. Amanat
 - D. Tema
29. Nu kaasup kecap panyambung teu satata, nya eta, iwal
- A. Lamun
 - B. Sangkan
 - C. Basa
 - D. Bohboh
1. Mang Namri neangan kuring jeung adi kuring
 2. Manehna rek nyuratan Neng Enok atawa neng Yuni
 3. Baju teh alus tapi hargana mahal
 4. Jaeni moal sakola lantaran rek indit ka majalengka
 5. Kuring nu kadinya atawa maneh nu kadieu?
30. Kecap panyambung nu nuduhkeun nyambungkeun kecap aya dina kalimah nomer
- A. 1,2,3
 - B. 2,3,4
 - C. 4 jeung 5
 - D. 3 jeung 4